

Chè Paran/Responsab,

Dezyèm ka nan ane eskolè 2020-2021 an kòmanse lendi ki ap 2 novanm e li ap tèmine 15 janvyè 2021. Nou kontan anpil pou resevwa pliske 5,900 elèv ki ap vini nan batiman lekòl yo pou premye fwa pou ane eskolè sa a. Tanpri sonje ke administratè nou yo, konseye lekòl ak pwofesè nou yo la pou sipòrte pitit ou e ou menm pandan peryòd tranzisyon sa a si ou bezwwe èd e nou envite ou pou rete an kontak regilye avèk lekòl pitit ou a. Akoz pral genyen plis elèv ki ale lekòl koulye a, chak direktè lekòl pral pataje kòman chak moun pral jwe yon wòl enpòtan nan kontwi yon kominote lekòl pwospere e dezirab.

Klike la pou wè elèv e manb pèsònèl ki ap eksplike “school community”

- [Lekòl primè](#)
- [Lekòl mwayen ak segondè](#)

Kòm yon rapèl, tout pliske 50 lekòl ki nan Lekòl Piblik Collier County yo (CCPS) te ouvè avèk sikè depi 31 out e yo rete ouvè gras a dedikasyon elèv e manb pèsònèl nou yo epi nou an konfòmite avèk mezi sante e sekirite yo. Mèsi! Prensip sante piblik sa yo rete entak non sèlman pou pwoteje timoun, men pou pwotwje manb pèsònèl, manb fanmi, e kominote nou a tout antye. Yo ofri videyo sa yo avèk entansyon pou raple oswa enfòmè sou pwosedi yo etabli pou ede nou avèk defi ke COVID-19 la prezante..

[Klike](#) la pou wè yon senk mint videyo ki dekri mezi sante e sekirite nan kanpis lekòl nou yo

[Klike](#) la pou wè yon videyo ki dekri yon moun ki an kontak pre avèk yon lòt moun ki enfekte avèk COVID-19 la.

Tanpri note ke egzijans kapab chanje dapre gid ki soti nan Depatman Edikasyon Florid, Depatman Sante Florid-Collier, epi/oswa Sant pou Kontwòl Maladi.

Achevman akademik e byennèt fizik, sosyal emosyonèl elèv e manb pèsònèl nou yo se yon efò kolektif. Mèsi paske ou sipòte pitit ou e tout kominote lekòl nou an.